

SEZON TAKS 2022 OUVÈ POU REKOUVREMAN

Sezon taks 2022 lan ouvè pou rekouvremman nan Konte Miami-Dade. Yo evalye taks sou Byen Imobilye ak Pwopriyete Pèsonèl Tanjib yo depi 1 janvyè jiska 31 desanm epi yo kourmanse rekouvremman nan dat 1yè novanm.

Rabè Sou Peman Pi Bonè yo:

- 4% rabè si nou peye jiska 30 Novanm 2022
- 3% rabè si nou peye jiska 31 Desanm 2022
- 2% rabè si nou peye jiska 31 Janvyè 2023
- 1% rabè si nou peye jiska 28 Fevriye 2023

Pa genyen ankenn rabè si nou peye nan mwa Mas

Taks sou pwopriyete yo ap an reta nan dat 1 Avril 2023

Si nou pa peye taks sou pwopriyete, sa va lakoz enterè adisyonèl, penalite epi ou gen dwa menm pèdi pwopriyete w lan.

Pou w kapab wè konbyen kòb ou dwe ak/oswa fè yon peman ale nan

miamidade.county-taxes.com

Lè dat rabè an fini yon Samdi, Dimanch oswa yon jou konje legal, ou dwe vini an pèsòn nan Biwo Pèseptè a nan pwochen jou ouvrab la.

Nou kapab peye:

- Sou entènèt avèk chèk oswa avèk kat kredi nan: miamidade.county-taxes.com
(Kont ki genyen taks sètifika oubyen Ki fè fayit pa kapab peye yo sou entènèt)
- Pa lapòs - rabè sou taks aktyèl yo baze sou dat so lapòs lan
- An pèsòn nan biwo nou an:

Miami-Dade County Tax Collector's Office

200 NW 2nd Avenue, 1st Floor • Miami, FL 33128

Orè fonksyònman nou ka gin chanjman. Tanpri vizite sit entènèt nou an pou dènye mizajou sou orè fonksyònman nou miamidade.gov/taxcollector

Biwo Pèseptè taks Miami Dade la ofri pwopriyete yo posibilite pou yo resevwa fakti taks 2023 yo elektwonikman. Enskri pou w resevwa fakti taks ou elektwonikman, tanpri vizite miamidade.county-taxes.com

Fè chèk yo sou non:

Miami-Dade County Tax Collector's Office

200 NW 2nd Avenue • Miami, FL 33128

(Peman yo dwe an lajan ameriken Ki soti nan yon bank ameriken)

Chèk kanadyen ak etranje yo dwe peyab an lajan ameriken ki soti nan yon bank ameriken.

Pou plis enfòmasyon, tanpri rele: 305-270-4916 oswa vizite

miamidade.gov/taxcollector

**Peter Cam, Pèseptè
Konte Miami-Dade**